



# Commonwealth Massachusetts

## DEPATMAN SÈVIS PIBLIK (D.P.U.)

### AVI DEPO, ODYANS PIBLIK AK DEMANN KÒMANTÈ

D.P.U. 24-25

23 fevriye 2024

Petisyon Boston Gas Company d/b/a National Grid pou Apwobasyon yon Akò Apwovizyonman Gaz avèk Constellation LNG, LLC, dapre G.L. c. 164, § 94A.

---

Nan dat 9 fevriye 2024, Boston Gas Company d/b/a National Grid ("National Grid" oswa "Konpayi") te depoze yon petisyon bay Depatman Sèvis Piblik ("Depatman") pou apwobasyon yon akò avèk Constellation LNG, LLC. ("Constellation") pou vann ak achte gaz natirèl swa nan fòm likid oswa vapè pou peryòd 1ye jen 2024 jiska 31 me 2030 ("Akò"). Akò a depann de apwobasyon Depatman an pou Akò a jiska 1ye me 2024. Konpayi an te fè depo a dapre G.L. c. 164, § 94A. Depatman an te enskri petisyon an tankou D.P.U. 24-25.

Akò a pral bay National Grid jiska 27,000 dekatèm ("Dth") gaz natirèl pa jou nan fòm likid oswa vapè, avèk yon kantite maksimòm sezonye 500,000 Dth, nan premye ane sèvis pandan sezon ivè a (sa vle di, 1ye desanm jiska 31 mas) atravè Tèminal Maritim Everett Constellation lan. Akò a pral bay Konpayi ankantite maksimòm gaz natirèl chak jou ak sezonye k ap ogmante chak ane apre sa pandan sezon ivè a, ak yon kantite maksimòm chak jou 78,000 Dth ak yon kantite maksimòm sezonye 2,100,000 Dth nan dènye ane sèvis la. Konpayi an deklare ke Tèminal Maritim Everett Constellation lan gen yon pozisyon inik pou sipòte depans sistèm gaz Konpayi an pandan sezon ak jou ki gen demann yo akòz tou de lokal li yo ak kapasite li pou l ekspedye.

National Grid deklare ke Akò a nesèsè pou abòde defisi nan byen ki disponib nan jou ak sezon ki gen gwo demann yo ak pou asire sèvis sekirite ak fyab pou kliyan li yo. Anplis de sa, Konpayi an di ke Akò a konfòm ak objektif pòtfeý ki etabli nan plan previzyon ak apwovizyonman Boston Gas Company, D.P.U. 20-132 (2021) ak Boston Gas Company, D.P.U. 22-149 (2023) te apwouve epi se sèl opsyon rezonab, ekonomik pou satisfè bezwen apwovizyonman gaz natirèl Konpayi an k ap ogmante.

Nan dat 12 fevriye 2024, Eversource Gas Company of Massachusetts d/b/a Eversource Energy te depoze petisyon pou apwobasyon Depatman an dapre G.L. c. 164, § 94A nan yon akò ki sanble avèk Constellation, kote Depatman an te enskri l tankou

D.P.U. 24-26. Epitou nan dat 12 fevriye 2024, NSTAR Gas Company d/b/a Eversource Energy te depoze petisyon pou apwobasyon Depatman an dapre G.L. c. 164, § 94A nan yon akò ki sanble avèk Constellation, kote Depatman an te enskri l tankou D.P.U. 24-27. Depatman an pa konsolide pwosedi sa yo; sepandan, Depatman an ap chèche mennen ankèt sou yo an paralèl nan mezi sa posib, akòz konsèy ak pwoblèm yo ki monte youn sou lòt.

Depatman an pral fè odyans piblik pou l resevwa kòmantè sou depo Konpayi an konsa:

- Depatman an pral fè yon odyans piblik an pèsòn nan **12 mas 2024 a 7:00 p.m.** nan Everett City Hall, 484 Broadway, Everett, Massachusetts 02149. Sèvis entèpretasyon (panyòl, pòtigè, ak kreyòl ayisyen) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn.
- Depatman an pral fè yon odyans piblik vityèl lè l sèvi avèk videyokonferans Zoom nan dat **15 mas 2024 a 2:00 p.m.** Patisipan yo ka rejwenn nou lè yo antre sou lyen an, <https://us06web.zoom.us/j/86722188823>, apati yon òdinatè, esmatfòn oswa tablèt. Nou pa bezwen enstale okenn lojisyèl anvan sa. Pou itilize aksè odyo sèlman nan odyans yo, patisipan yo ka rele nan 1 (646) 931-3860 (**se pa yon nimewo gratis**) epi, apresya, antre # **ID reyinyon an 867 2218 8823**. Sèvis entèpretasyon (panyòl, pòtigè, ak kreyòl ayisyen) ap disponib sou platfòm Zoom la lè w klike sou bouton “Entèpretasyon” ki nan meni ki anba ekran aplikasyon Zoom lan epi chwazi lang ou (sa vle di, angle, panyòl, pòtigè oswa kreyòl ayisyen).

Nenpòt moun ki enterese fè kòmantè sou zafè sa a ka soumèt kòmantè alekri pa pita pase lè fèmti biznis (5:00 p.m.) nan dat **18 mas 2024**. Piblik la dwe voye kòmantè yo ekri yo pa imèl bay [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov), ak Company’s attorneys, John K. Habib, Esq., [nan.jhabib@keeganwerlin.com](mailto:nan.jhabib@keeganwerlin.com), Ashley S. Marton, Esq., at [amarton@keeganwerlin.com](mailto:amarton@keeganwerlin.com), Patrick Houghton, Esq., nan [Patrick.Houghton@nationalgrid.com](mailto:Patrick.Houghton@nationalgrid.com), and Andrea Keeffe, Esq., nan [andrea.keeffe@nationalgrid.com](mailto:andrea.keeffe@nationalgrid.com). Tanpri sonje, nan enterè transparans, nenpòt kòmantè pral afiche sou sit entènèt nou an jan nou resevwa yo epi san nou pa mete enfòmasyon pèsònèl, tankou adrès, nimewo telefòn oswa adrès imèl. Konsa, panse ak kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè yo. Depatman an ankouraje anpil pou voye kòmantè piblik yo pa imèl. Si, sepandan, yon manm piblik la pa kapab voye kòmantè alekri pa imèl, li ka voye yon kopi sou papyè bay Mark D. Marini, Sekretè, Depatman Sèvis Piblik, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Nenpòt moun ki vle patisipe yon lòt fason nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon pou pèmèt entèveni pa pita pase 5:00 p.m. nan dat **11 mas 2024**. Yon petisyon pou pèmèt entèveni dwe satisfè egzijans tan ak enpòtans 220 CMR 1.03. Lè Depatman an resevwa l, sa reprezante yon depo epi detèmine si yon petisyon te depoze alè. Yon petisyon ki depoze an reta ka rejte poutèt reta, sof si yo montre yon

bon rezon pou pa fè sa dapre 220 CMR 1.01(4). Pou yo ka otorize l, yon petisyon dapre 220 CMR 1.03(1) dwe satisfè egzijans pèmanans G.L. c. 30A, § 10. Tout repons pou petisyon entèvansyon dwe depoze anvan fen lè biznis (5:00 p.m.) nan dezyèm jou ouvrab apre demann pou entèvni an fin depoze.

Pwokirè Jeneral Commonwealth Massachusetts (“Pwokirè Jeneral”) te depoze yon avi pou entèvni nan zafè sa a dapre G.L. c. 12, § 11E. Anplis de sa, dapre G.L. c. 12, § 11E(b), Pwokirè Jeneral la te depoze yon avi sou entansyon pou kenbe ekspè ak konsiltan pou ede investigasyon li sou dosye Konpayi an epi li te mande Depatman apwobasyon pou l depanse jiska \$150,000 nan sans sa a. Dapre G.L. c. 12, § 11E(b), depans Pwokirè Jeneral la fè anrapò ak retansyon ekspè ak konsiltan li yo ka rekipere nan tarif Konpayi an. Nenpòt moun ki vle fè kòmantè sou avi entansyon Pwokirè Jeneral la pou kenbe ekspè ak konsiltan yo ka soumèt kòmantè alekri bay Depatman an pa pita pase lè biznis fèmen (5:00 p.m.) nan dat **5 mas 2024**.

Nou dwe voye tout dokiman yo bay Depatman an nan **fòm** **.pdf** ki anekse nan imèl la bay [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) ak [Scott.Seigal@mass.gov](mailto:Scott.Seigal@mass.gov). Tèks nan imèl la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi (D.P.U. 24-25); (2) non moun nan oswa konpayi k ap soumèt depo a; epi (3) yon tit deskriptif ak kout dokiman an. Tout dokiman nou soumèt sou fòm elektwonik pral afiche sou sitwèb Depatman an atravè Espas Fichye (File Room) sou entènèt nou an osito sa posib (antre “24-25”) nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>. Anplis de sa, nou dwe voye yon kopi tout dokiman ak petisyon ekri pou entèvni yo pa imèl bay avoka yo nan konpayi an, John K. Habib, Esq., [nan.jhabib@keeganwerlin.com](mailto:nan.jhabib@keeganwerlin.com), Ashley S. Marton, Esq., nan [amarton@keeganwerlin.com](mailto:amarton@keeganwerlin.com), Patrick Houghton, Esq., nan [Patrick.Houghton@nationalgrid.com](mailto:Patrick.Houghton@nationalgrid.com), ak Andrea Keeffe, Esq., nan [andrea.keeffe@nationalgrid.com](mailto:andrea.keeffe@nationalgrid.com).

Depo a ak tout dokiman ki annapre yo ke nou soumèt bay Depatman an oswa ke Depatman an pibliye yo ap disponib sou sitwèb Depatman an jan yo endike anwo a osito sa posib. Nan limit yon moun oswa yon antite vle soumèt kòmantè oswa entèvni dapre Avi sa a, sa vle di soumèt li yon fason elektwonik, jan yo detaye pi wo a, ase. Pou mande materyèl yo nan fòm ki aksesib pou moun ki gen andikap (Bray, gwo karaktè, fichye elektwonik, fòm odyo), kontakte kowòdonatè Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) Depatman an nan [Andrea.R.Casul@mass.gov](mailto:Andrea.R.Casul@mass.gov).

Pou plis enfòmasyon konsènan depo bay Konpayi an, tanpri kontakte avoka Konpayi an, ki idantifye pi wo a. Pou plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, kontakte Scott Seigal, Ofisyè Odyans, Depatman Sèvis Piblik, nan [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov).